प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि जन विश्वास विधेयक–दुइ हजार छब्बीस के पारित हो गइले से जीवन यापन अउर आसानी से ब्योपार कइले के बढ़ावा मिली। प्रधानमंत्री कहले कि ई बिधेयक बिस्वास पर आधारित ढांचे के मजबूत करी। संसद जन विश्वास विधेयक–दुइ हजार छब्बीस पारित कई दिहले हौ। राज्यसभा एके कािल्ह मंजूरी दिहले रहले जबकि लोकसभा ई बिधेयक बुधवार के पारित कइले रहले। ई बिधेयक जीवन यापन अउर व्योपार सुगमता बदे विश्वास पर आधारित सासन के अउरियो मजबूत कइले खातिर कुछु कानूनन में संसोधन करेला जवने से कुछु अपराधन के गंभीर अपराध के श्रेणी से बहरे कइल जा सके अउर ओके तर्कसंगत बनावल जा सके।

**********

केन्द्र सरकार राज्यन अउर केंद्र सासित प्रदेसन से एलपीजी आ अउरियो पेट्रोलियम उत्पादन क जमाखोरी आउर कालाबाजारी रोके बदे जरूरी कारवाई कइले के कहले हवे। पेट्रोलियम अउर प्राकृतिक गैस मंत्रालय के सचिव डॉ. नीरज मित्तल येह संबंध में राज्यन अउर केंद्र सासित प्रदेसन के पत्र लिखले हवे।

राज्यन के जमाखोरी, हेराफेरी अउर घबराहट पैदा करे वाला गलत सूचना के परसार पर कड़ेर निगरानियो रक्खे क सलाहि दिहल गइल हौ। मंत्रालय कहले कि सज्जो रिफाइनरी उच्च क्षमता पर कार करत हवे, कच्चा तेल क भरपूर भंडार हौ अउर पेट्रोल आ डीजल क पर्याप्त स्टॉक मौजूद बा।

**********

उद्योग जगत सरकार के कइ गो खास पेट्रोकेमिकल उत्पाद पर सीमा शुल्क में छूट दिहले के फइसला का स्वागत कइले हवे। फेडरेशन ऑफ ऑटोमोबाइल डीलर्स एसोसिएशंस के मुख्य कार्यकारी अधिकारी सहर्ष दमानी कहलें कि सरकार की ओरि से उठावल गइल ई कदम एगो एहतियाती कदम हौ जेहसे ऑटो क्षेत्र के राहत मिली।

***मुझे लगता है कि यह एक समझदारी भरा एहतियाती कदम है। ऑटो सेक्टर के लिए इसका फायदा कीमतों में कटौती से कहीं ज्यादा कंपोनेंट और मेटेरियल की सप्लाई को स्थिर रखने में है। चूंकि कई ऑटोमोटिव पार्ट्स प्लास्टिक और पॉलीमर जैसे पेट्रोकेमिकल उत्पादों पर निर्भर हैं, इसलिए यह छूट सप्लाई में रुकावटों और लागत के दबाव को कम करने में सहायक साबित होगी।***

येह बिच्चे भारतीय औषधि निर्माता संघ के राष्ट्रीय अध्यक्ष डॉ. विरांची शाह कहलें कि एपीआई अउर फॉर्मूलेशन बनवले में इस्तिमाल होखे वाला खास सॉल्वैंट्स अउर रसायनन पर आयात सुल्क हटवले से हाले में भइल मूल्य वृद्धि के रोके में मदद मिली।

***सरकार ने कई विलायकों और रसायनों पर आयात शुल्क माफ करने का निर्णय लिया है। इनमें से कई विलायक और रसायन भारत में एपीआई और फॉर्मूलेशन के निर्माण में व्यापक रूप से उपयोग किए जाते थे। इस छूट से अगले कुछ सप्ताहों में कीमतों में होने वाली वृद्धि पर रोक लगेगी। इससे भारतीय दवा उद्योग को पूरे भारत में सस्ती दवाओं की उपलब्धता सुनिश्चित करने में सहायता मिलेगी। इंडियन ड्रग मैन्युफैक्चरर्स एसोसिएशन की ओर से, मैं माननीय प्रधानमंत्री जी को बधाई देता हूं।***

**********

उत्तर प्रदेस पावर कॉरपोरेशन लिमिटेड यानी यूपीपीसीएल क बिलिंग प्रणाली में तकनीकी सुधार अउर मेंटिनेंस कार के नाते आजु राति दस बजे से बिहने दुपहरिया दुइ बजे ले लगभग सोरह घंटा बिलिंग सेवा बाधित रही। येह दौरान उपभोक्ता ऑनलाइन पोर्टल चाहे मोबाइल ऐप के जरिया से बिजुरी क बिल जमा नाही कर पइहें। प्रीपेड अउर स्मार्ट मीटर उपभोक्तो आपन बैलेंस रिचार्ज नाही कई सकिहें। सथही नया बिल बनावल, लोड बढडले आ अउरियो ऑनलाइन सेवो बन्न रही। ई व्योवस्था प्रदेस के सज्जो बिजुरी बितरण क्षेत्र–पूर्वांचल, मध्यांचल, दक्षिणांचल, पश्चिमांचल अउर केस्को में लागू रही। बिजुरी बिभाग बतलवे हवें कि कउनो आपात स्थिति में उपभोक्ता टोल–फ्री नंबर एक नौ एक दुइ पर संपर्क कई पइहें।

**********

राजकीय बौद्ध संग्रहालय कुशीनगर के सुदृढ़ीकरण, नवीनीकरण अउर उच्चीकरण आ विकास कार बदे सासन बाइस करोड बावन लाख तिरासी हजार रूपिया क वित्तीय मंजूरी दिहले हौ। कुशीनगर क विधायक पीएन पाठक ई जनकारी देत बतउलें कि राजकीय बौद्ध संग्रहालय के उच्चीकरण अउर सौंदर्यीकरण से न खाली समृद्ध बौद्ध बिरासत के संरक्षण मिली बलुक कुशीनगर दुनिया के नक्सा पर अउरियो मजबूत होई।

**********

आजु गुड फ्राइडे हौ। आजुए के दिन्ने प्रभु ईसा मसीह के सूली पर चढ़ावल गइल रहे। ये मौका पर प्रदेस के कई गो जिला के गिरीजाघरन में आजु बिसेस प्रार्थना सभा कइल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस के पूर्वी क्षेत्रन के कई गो जिला में आजु दुपहरिया बाद अचक्के मौसम बदलि गइल। तेज आन्ही के बिच्चे कुछु जिला में बुनियों परल। जौनपुर में भइल बूंदाबांदी से फसल के नोकसान के लेके किसान लोग चिन्ता जतवले हवें। बनारस में धुरियाइल आन्ही के नाते अंनहेरा छा गइल। गोरखपुर, देवरिया, महराजगंज, अउर कुशीनगरो में तापमान में हल्का गिरावट दरज कइल गइल। मौसम विभाग के हिसाबि से बिहनहू पूर्वांचल के कुछु जिला में तेज बियारी के बिच्चे हल्लुकाहे बुन्नी परि सकेला।

**********